

Tounen yon Patisipan Aktif Nan Swen Sante Ou

CHA Health Plan

Ti konsèy pou ou byen kominike ak Pwofesyonèl ki Responsab Swen Sante Ou



Viv ak maladi Sida se yon defi li ye. Desizyon konsènan swen ak tretman kapab pafwa akable ou. Ti konsèy sila yo kapab ede ou pi byen prepare pou vizit kay Pwofesyonèl ki Responsab swen ou oswa klinik e ou ka tire pi bon avantaj nan toulede:

- Prezante-ou ak tout dokiman ke swa ou menm, oubyen pwofesyonèl ki responsab swen sante ou ta ka bezwen, kankou tout rezilta analiz laboratwa yo, medikaman ou yo, elatriye. Si ou prezante ou ak enfòmasyon sa yo, li kapab ede pwofesyonèl ki responsab swen sante ou ba ou pi bon swen, epi sa ta kapab rakousi tan randevou ou.
- Ekri tout kesyon anvan ou ale, epi ekri tout repons pwofesyonèl responsab swen sante a ba ou. Kenbe tout kesyon ak repons yo nan yon ti kanè. Sa va ede ou kenbe yon kontrandi sa ou bezwen konnen pou mentni ou an sante.
- Rive a lè. Pifò nan Pwofesyonèl ki responsab swen sante yo gen yon orè chaje—si ou rive an reta, w'ap deranje orè tout sa ki vin aprè ou.
- Mande pwofesyonèl ki responsab swen a enfòmasyon sou pwochen vizit ou epi mande-l' kisa pou ou pote nan pwochen randevou a. Ekri-l' nan ti kanè ou.
- Mande-l' ba ou yon lis tout randevou ou yo lè ou fini ak vizit la.

Chwazi doktè ki pral ba ou swen pou SIDA se yon pa ki enpòtan anpil nan jwenn tretman ou bezwen a pou mentni sante ou. Lòt manm enpòtan nan swen sante ou kapab enkli:

- Travayè Sosyal
- Sikològ/Sikyat
- Famasyen
- Dyetetisyen
- Dantis
- Administratè Ka e/oswa Pwofesyonèl Swen Sante

Li enpòtan pou ou sonje ke li ta kapab nesèsè pou ou adrese tout kesyon ou yo bay diferan moun, selon sa ou bezwen/ak sa ou ta renmen konnen:

• **Enfimyè ak Administratè Ka yo pli souvan reponn tout kesyon konsènan:**

- » Medikaman ou yo ak efè segondè yo
- » Siyifikasyon tout rezilta analiz laboratwa
- » Tout bezwen sou sante mantal ou ta ka bezwen
- » Tout kesyon konsènan asirans
- » Dosye medikal ou
- » Plan Jeneral tretman ou

• **Doktè, asistan enfimyè, asistan doktè, famasyen kapab reponn kesyon espesifik konsènan:**

- » Chanjman nan Medikaman ak nouvo medikaman
- » Esè Klinik
- » Siyifikasyon rezilta analiz konplèks yo
- » Pwosedi chirijikal yo
- » Rekòmandasyon pou kesyon sou sante mantal
- » Kijan maladi Sida a afekte kò ou
- » Kijan pou ou jere tout sentòm ou yo

Sit Entènèt pou Plis Enfòmasyon:

www.poz.com
www.hivtreatmentispower.com
www.thebody.com
www.aids.gov

Sous: AIDS.gov Depatmen Sante e Sèvis Imen Ozetazini. Disponib sou: <http://www.aids.gov/hiv-aids-basics/staying-healthy-with-hiv-aids/taking-care-of-yourself/doctor-clinic-and-dental-visits/>